



**WAOSAN PUJA HASTUNGKARA
ING ADICARA WIOSAN KABUPATEN
KLATEN KAPING 212
WARSA 2016**

SURYA, 28 JULI 2016

Bismillahi rokhman nir rokhim

Assalamu'alaikum

Warahmatullahi

Wabarakatuh;

*A'udzubillahi minasy syaithonni nir rojjim,
bismillahi rokhman nir rakhim. Alhamdulillah
robbil 'allamin,*

*Hamdan syakirin hamdan naimin, hamdam yuafi
umadzidah ya robbana lakal hamdu kamma
yambakhi lijalali adlimi sulthoniq*

*Allahumma shali'alla muhammad wa 'alla alli
muhammad. Warhamhum birohmatika ya
arkhamma ro khimin.*

*Allahumma' fir lil musliminna wal muslimat, wal
mukminnnina wal mukminat, wal ahwa immin
huwal akhwat, innaka alla kulli syai'in qodir,*

*Robbi audzini an askuro, nikmatakal lati an amta
allaiyy,a wa alla wali dayya, walla an akmala
sholikhah tardlohu, wa aslihli bi durriyati, tubdu
illaikka, innaka anta sami ul alim.*

*Duh Gusti Allah Pangeran Kula ingkang Sugih
Ing Pangalembana,
Sesarengan sumunaring jagat ing rahina punika,
kula sedaya ngaturaken sakatahing pamuji
miwah panuwun syukur, awit kanugrahan kang
sampun Panjenengan suntakaken dumateng kula
sedaya,
Arupi kasarasan, kawilujengan miwah
karahayon, satemah enjang rahina punika, kula
sedaya saged makempal manunggal nyawiji,*

*anggelar Upacara Mangubagya Wiosan
Kabupaten Klaten ingkang kaping 212 Warsa
2016 kanti rahayu, widodo, tebih saking
sambikala.*

*Mugi kepareng awit rahmat panjenengan
lumantar prengetan wiosan punika saget kinarya
sarana angiyataken raos guyub rukun
linambaran tulusing ati kula sedaya warga
Klaten saget makarya miwah budidaya
amujataken Klaten ingkang maju, mandiri miwah
kuncara.*

*Duh Gusti Allah Pangeran kula Inkang
Ngrumeksa lelampahan ing jagat raya,*

Mugi kepareng panjenengan berkahi pepanggihan punika, Panjenengan dadosaken ati kula manah ingkang nyawiji, guyub rukun antawisipun sanak kadang, ampun ngantos panjenengan dadosaken ati kula manah ingkang reget, gampil cecongrahan, remen tukaran satemah pakarti kula ngrisak kahanan miwah bebrayan agung.

Ananging mugi kepareng Panjenengan dadosaken ati kula, manah ingkang kebah ingroso tresna asih, tansah ngajeni sanak kadang, remen tetulung, miwah temen babakan ngibadah, sabab tinangsulan hidayah miwah piwulang Panjenengan.

Duh Gusti Allah Pangeran kula Inkang sugihing pangupura,

Kula nglenggono, minangka titah sawantah katah lebat miwah supe, satemah panggesangan asring nalisir pepacuh panjenengan. Mugi kepareng kanti welas asih, Paduka kepareng paring pangapunten sedaya kalepatan kula. Sae kalepatan kang medal saking suku lan asta, dosa kang medal saking pangrungu lan paningal kula, dosa saking ati lan nalar kula, luwih – luwih dosa saking lesan kula kang landep natoni sanak kadang, sregep nyacat kirangan liyan, temah kula piyambak supe lan kesupen madosi kirangan diri pribadi.

Mugi kepareng Duh Gusti Allah Pangeran kula, panjenengan kepareng nampi amal-amal ibadah kula ingkang namung sekedik keparo katah kirang ikhlasipun. Mugi kepareng panjenengan tampi amal becik kula sedaya.

Duh Gusti Allah Pangeran kula ingkang maha welas lan asih,

Mugi kepareng paduka nresnani kula sedaya, nresnani tiyang sepuh kula sedaya, nresnani Ibu Bupati miwah wakil bupati Klaten, Para Muspida, para pangarsa, para guru-guru kula sedaya, nresnani putra miwah kulawarga kula sedaya, maligi kulawarga ageng Pemerintah Kabupaten Klaten. Satemah kula sedaya saget

minangka abdi negara ingkang jujur, tanggel jawab, miwah amanah nglajengaken lumampahipun wewangunan ing Kabupaten Klaten ingkang maju, mandiri miwah kuncara.

Robbana attinna fiddunya khassanah wabil akhirroti khassanah wa qqinna adza bannar. Subhanna robbika robbil, izzati amma yashifun wa allal mursalin, wal hamdulillahi robbil allamin.

Mugi kepareng Gusti Allah Subhannahuta alla Ngijabi doa miwah panyuwunan kula sedaya. Amien.

Bilahi Taufiq wal Hidayah, wa ridlo wa innayyah.

Wassalamu-'alaikum warahmatullahi
Wabarakatuh.

Sekretariat Hari Jadi Klaten Ke-210 dan HUT RI Ke 69 Tahun 2014 : Bagian
Humas Setda Klaten